



Kesyon Moun Poze Souvan yo:

Lòd Vaksen NYC kont Lawoujòl pou kòd POSTAL 11205, 11206, 11211 ak 11249

9 avril, Depatman Sante a te deklare yon ijans sante piblik epi li te bay yon lòd pou vaksen kont lawoujòl an repons ak epidemi lawoujòl la nan kòd POSTAL 11205, 11206, 11211 ak 11249 nan Brooklyn. Kesyon Moun Poze Souvan yo (FAQ) bay enfòmasyon anplis sou anons sa a ansanm ak lòd vaksen ki mache ak li a.

Poukisa Depatman Sante a te deklare yon ijans sante piblik an repons ak epidemi lawoujòl la nan kòd POSTAL 11205, 11206, 11211 ak 11249?

Manm komisyon Sante a kapab deklare yon ijans sante piblik lè genyen yon menas ijan pou sante Nouyòkè yo.

Genyen aktyèlman yon epidemi lawoujòl nan katye Williamsburg ak Borough Park yo nan Brooklyn ki kalifye kòm yon menas. Epidemi an te eklate nan kòmansman oktòb 2018 epi li bay kòm rezilta preske 300 ka maladi vaksen ka prevni sa a. Nan twa dènye mwa yo gwo majorite ka sa yo te dekouvri lakay abitan yo nan kòd POSTAL 11205, 11206, 11211 ak 11249. Depatman Sante a te eseye plizyè estrateji pou mete fren ak epidemi sa a, gen ladan sansibilizasyon entansif pou kominote ki afekte ak pwofesyonèl medikal yo ki desèvi yo. Anplis, Depatman Sante a egzije pou yo ekate kèlkeswa timoun ki pa vaksine yo nan pwogram lekòl rabinik ak gadri yo ki ap desèvi kominote sa a. Sepandan, epidemi an kontinye akòz to vaksinasyon ba yo nan kòd POSTAL sa yo.

Epidemi sa a alimante ak pwopagasyon movèz enfòmasyon danejere sou sekirite ak efikasite vaksen MMR la. Depatman Sante a kanpe ak majorite moun nan kominote sa a ki te travay di pou pwoteje timoun pa yo ak lòt moun yo ki andanje. Gen yon bezwen ijan pou mete fen ak epidemi sa a epi pwoteje Nouyòkè yo kont enfeksyon ki potansyèlman fatal sa a. Deklarasyon sa a pral ede amelyore to vaksinasyon yo nan kominote ki afekte yo.

Ki sa lòd pou vaksen kont lawoujòl sa a fè?

Pou mete fren nan pwopagasyon lawoujòl nan Vil New York, Depatman Sante a egzije granmoun ak timoun yo ki gen 6 mwa ak plis ki ap viv, travay oswa ale lekòl nan kòd POSTAL 11205, 11206, 11211 ak 11249 pou resevwa yon vaksen MMR kont lawoujòl, malmouton ak ribeyòl. Moun ki pa kapab resevwa vaksen an pou rezon medikal ki valid yo, gen ladan l moun ki ansent yo, egzante anba lòd vaksen an.

Ris pou gen lawoujòl la ba pou moun ki vaksine oswa iminize yo. Pou pifò moun nan kòd POSTAL 11205, 11206, 11211 ak 11249, lòd sa a ta dwe ankouraje ou pou verifye dosye vaksinasyon ou oswa pale ak pwofesyonèl swen sante ou pou konfime istwa vaksinasyon ouwa estati iminite ou.

Èske tibebe ki gen 6 jiska 11 mwa yo konsène nan lòd vaksen sa a?

Wi, tout tibebe yo ki ap viv oswa ale nan gadri nan kòd POSTAL 11205, 11206, 11211 ak 11249 konsène nan lòd vaksen an. Dòz bonè vaksen MMR lan pral pwoteje yo pandan epidemi aktyèl la. Timoun yo ta dwe answit retounen nan kalandriye vaksen ki rekòmande yo epi yo ta dwe re pran premye dòz vaksen MMR la nan laj 12 mwa. Timoun yo dwe genyen de dòz vaksen MMR la pou yo kapab ale lekòl (kindergarten - klas 12yèm).

Silvoulplè itilize konsèy annapre yo konsènan yon dòz bonè vaksen MMR la pou timoun nan laj 6 jiska 11 mwa yo ki p ap viv nan kòd POSTAL 11205, 11206, 11211 ak 11249:

- Li rekòmande pou manm kominote yo ki gen yon epidemi lawoujòl deklare nan Borough Park ak Crown Heights.
- Li sigjere pou manm kominote Jwif Òtodòks yo nan Vil New York.
- Li rekòmande pou tout tibebe yo ki ap vwayaje nan lòt peyi oswa nan yon kominote ki gen yon epidemi ki deklare.

E si mwen ap travay nan kòd POSTAL 11205, 11206, 11211 ak 11249?

Si ou ap travay pou yon biznis ki sitiye nan kòd POSTAL 11205, 11206, 11211 ak 11249, donk ou oblije pran vaksen MMR la pou mete fren nan pwopagasyon lawoujòl la. Nou ankouraje ou verifye dosye vaksinasyon ou yo oswa pale ak pwofesyonèl swen sante ou pou konfime istwa vaksinasyon oswa estati iminite ou.

Kijan Depatman Sante a par konnen kiyès ki pa vaksine?

Lè pèsònèl Depatman Sante a idantifye yon pasyan ki gen lawoujòl, yo idantifye tou nenpòt moun li te gen kontak avèk li. Depatman Sante a ak pwofesyonèl swen sante yo konekte kontak sa yo avèk vaksinasyon oswa lòt mezi prevantif epi travay avèk yo pou redui ris lawoujòl yo. Pèsònèl Depatman Sante a itilize tou Rejis Vaksinasyon pou Tout Vil la (CIR) an pou verifye dosye vaksen nenpòt moun ki ta kapab an kontak avèk yon pasyan ki gen lawoujòl. Si dosye vaksinasyon yo pa disponib, Depatman Sante a ka mande lòt prèv iminite kont lawoujòl. Pa egzanp, yon tès sante, yo rele sewoloji lawoujòl, ka pwouve yon moun iminize kont lawoujòl atravè vaksinasyon avan yo oswa enfeksyon avèk viris lawoujòl la. Pwofesyonèl swen sante ou kapab òdone tès komen sa a epi aranje l pou fè yo pran san ou. Nenpòt moun nan kòd POSTAL 11205, 11206, 11211 ak 11249 ki pa kapab pwouve yo iminize kont lawoujòl nan bay dosye vaksinasyon yo oswa demontre iminite avèk yon tès san sewoloji lawoujòl, Depatman Sante a pral konsidere li kòm pa iminize ak pa vaksine epi li pral an kontravansyon ak lòd pou vaksine a.

Kisa k ap pase si mwen refize vaksine?

Depatman Sante a te bay lòd pou tout moun nan kòd POSTAL 11205, 11206, 11211 ak 11249 pran vaksen si yo pa ko fè sa. Depatman Sante a kapab bay yon sitasyon pou pouswit sivil ak nenpòt moun ki abite, travay, oswa ale lekòl nan kòd POSTAL ki afekte yo epi ki pa t vaksine avan 11 avril 2019, epi ki pa bay prèv iminite oswa yon egzonasyon medikal valid ak Depatman Sante a. Si moun ki pa vaksine a se yon timoun, y ap bay sitasyon an ak paran li. Moun ki resevwa sitasyon an pral asiyen ak yon odyans nan

Biwo Vil New York pou Pwosè ak Odyans Administratif yo. Si ofisyè odyans lan mentni sitasyon an, y ap enpoze yon penalite \$1,000. Si yon moun pa prezante nan odyans lan oswa pa reponn ak sitasyon an, y ap chaje an konsekans yon amann \$2,000.

Ki sa k ap pase si mwen pa ka pran vaksen akòz yon kondisyon medikal oswa lòt rezon medikal?

Rezon medikal yo ki ta anpeche ou resevwa vaksen MMR la pa anpil. Si ou se yon kontak deklare yon ka lawoujòl epi genyen yon rezon medikal ki ta anpeche ou resevwa vaksen MMR la, gen ladan l ansent, y ap mande ou pou bay dokimantasyon espesifik ki soti nan men yon pwofesyonèl swen sante ki gen lisans pou pratike nan New York. Dokimantasyon medikal sa a dwe di eksplisitman kondisyon an ki rann li enposib pou ou oswa timoun ou an vaksine a. Yo pa pral aksepte kòm yon egzonerasyon medikla valid yon nòt yon pwofesyonèl jeneral san yon deklarasyon klè sou rezon ou pa ka resevwa vaksen an. Si dokimantasyon ou lan konfime, y ap retire amann kont ou a.

Moun ki gen rezon medikal yo ki anpeche yo resevwa vaksen MMR la apre ekspozisyon ak lawoujòl kapab resevwa yon lòt tretman prevantif yo rele iminoglobilin. Depatman Sante a pral bay konsèy ak moun yo ki elijib yo ki egzije iminoglobilin.

Ki sa ankò Depatman Sante a ap fè pou mete fren nan pwopagasyon lawoujòl la?

Depatman Sante a pral konsidere pou egzije pwogram lekòl rabinik ak gadri yo ki desèvi kominote ki afekte yo epi ki sitiye nan kòd POSTAL 11205, 11206, 11211 ak 11249 pou ekate timoun yo ki pa gen dòz vaksen MMR ki obligatwa yo. Timoun yo pral otorize retounen nan gadri oswa lekòl rabinik yo si yo pwouve yo konfòm ak vaksen MMR yo oswa yo gen tès laboratwa (tès sewoloji) ki montre yo iminize kont lawoujòl. Egzijans eksklizyon sa yo an vigè jiskaske epidemi an fini oswa jiskaske Depatman Sante a detèmine li san danje pou elèv ki pa vaksine yo ale nan batiman lekòl rabinik oswa nan gadri yo. Depatman Sante a ap asosye tou ak pwofesyonèl swen sante yo ki baze nan kominote yo, òganizasyon yo, lidè relijye yo ak lòt vwa yo fè konfyans lokalman yo pou pataje edikasyon sou vaksinasyon yo epi dyaloge avèk fanmi ki konsène yo.

Ki lekòl egzijans eksklizyon yo afekte?

Yo bay pwogram lekòl rabinik ak gadri yo nan kòd POSTAL 11205, 11206, 11211 ak 11249 nan Williamsburg Lòd Manm Komisyon pou ekate timoun ki pa vaksine pou yo pa ale lekòl pandan epidemi an. Yo notifiye kèk pwogram lekòl rabinik ak gadri yo nan kòd POSTAL 11204, 11218 ak 11219 nan Borough Park epi yo egzije yo pou ekate timoun ki pa vaksine yo. Lekòl sa yo se sèl lekòl yo egzije pou respekte egzijans eksklizyon epidemi yo nan peryòd sa a. Elèv yo ki pa ale lekòl nan gadri oswa lekòl rabinik nan kòd POSTAL sa yo dwe ekate pou yo pa ale lekòl menm si yo genyen yon egzonerasyon relijye oswa medikal oswa yon nòt medikal. Pwogram gadri yo dwe ekate pèsònèl ki pa vaksine yo epi ki pa gen prèv iminite. Tout elèv ki pa vaksine oswa pa iminize nan nenpòt gadri oswa lekòl, nan nenpòt kòd POSTAL, ki gen yon ka lawoujòl deklare dwe ekate tou nan lekòl jan Depatman Sante a detèmine sa.

Eksklizyon yo nan Prezans Lekòl an Rapò ak Epidemi

Timoun ki pa vaksine k ap viv nan oswa ale nan yon pwogram gadri oswa ki sitiye nan kòd POSTAL annapre a	Timoun ki pa vaksine a nan pwogram, matènèl, Preskolè oswa pre-Matènèl	Timoun ki pa vaksine a nan klas kidergarten jiska 12	Timoun ki pa vaksine a nan klas 9-12 epi lekòl la gen klas 9-12 sèlman
11204	Pa kapab ale	Kapab ale	Kapab ale
11205	Pa kapab ale	Pa kapab ale	Pa kapab ale
11206	Pa kapab ale	Pa kapab ale	Pa kapab ale
11211	Pa kapab ale	Pa kapab ale	Pa kapab ale
11218	Pa kapab ale	Kapab ale	Kapab ale
11219	Pa kapab ale	Pa kapab ale	Kapab ale
11249	Pa kapab ale	Pa kapab ale	Pa kapab ale

Èske egzijans ekslizyon nan lekòl an rapò ak epidemi yo aplike ak lekòl piblik oswa prive yo ki pa desèvi kominote Jwif Òtodòks la?

Non, egzijans ekslizyon sa yo aktyèlman an vigè sèlman nan pwogram lekòl rabinik ak gadri yo ki ap desèvi kominote Jwif Òtodòks la nan kòd POSTAL 11205, 11206, 11211 ak 11249 nan Williamsburg, ak nan kòd POSTAL 11204, 11218 ak 11219 nan Borough Park. Jiska dat sa a, pa gen ka oswa tansmisyon ki asosye avèk timoun nan lòt kalite pwogram yo oswa lekòl yo, kidonk pa gen okenn rezon pou etann ekslizyon an rapò ak epidemi yo nan pwogram lekòl piblik oswa prive yo nan peryòd sa a. Depatman Sante a pral ajiste ekslizyon an rapò ak epidemi yo alavni si tandans epidemi an chanje. Pou konnye a, li enpòtan pou tout timoun nan lekòl piblik oswa prive yo swiv estanda egzijans vaksinasyon Depatman Edikasyon yo ansanm ak lòd vaksen MMR aktyèl la pou prevni ka lawoujòl anplis. Pou plis enfòmasyon sou egzijans vaksinasyon Depatman Edikasyon yo, vizite schools.nyc.gov.

Ki sa lawoujòl ye?

Lawoujòl se yon enfeksyon viral ki lakòz fyèv ak gratèl. Preske 30% moun ki gen lawoujòl pral gen konplikasyon apati enfeksyon sa a, gen ladan l nemoni, anflamasyon nan sèvo, dyare, enfekson nan zòrèy, ospitalizasyon ak potensyèlman lanmò. Li kontajye anpil epi nenpòt moun ki pa vaksine kont viris la kapab atrape li nan nenpòt laj. Lawoujòl kapab trè sevè lakay moun ki gen sistèm iminitè ki fèb ak moun ki ansent yo.

Kijan lawoujòl pwopaje?

Lawoujòl pwopaje nan lè a lè yon moun enfekte estène oswa touse, oswa menm lè yo respire. Yon moun ki gen lawoujòl kontajye kat jou avan gratèl la parèt epi li kontinye kontajye pou kat jou apre gratèl la parèt.

Lawoujòl se yon viris ki kontajye anpil ki rete aktif epi kapab lakòz enfeksyon nan lè a ak sou sifas yo pou jiska dezèdtan.

Kijan yo ka prevni lawoujòl?

Vaksinasyon se fason ki pi bon pou prevni lawoujòl. Nenpòt moun ki te resevwa de dòz nan yon vaksen kont lawoujòl oswa te fèt avan 1957 (gen chans iminize akòz enfeksyon natirèl) konsidere kòm iminize epi gen anpil chans pou pa gen lawoujòl.

Tout timoun kòmanse nan laj 12 mwa ki enskri nan pre-matènèl, lekòl matènèl, pwogram gadri ak Preskolè dwe resevwa yon dòz vaksen MMR la.

Timoun yo dwe genyen de dòz vaksen MMR la pou yo kapab ale lekòl (kindergarten - klas 12yèm).

Ki kote mwen ka jwenn vaksen MMR la?

Pou jwenn vaksen MMR la, verifiye avèk pwofesyonèl swen sante ou. Ou ka rele tou nan 311 oswa vizite nyc.gov/health/clinics.

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou lawoujòl?

Pale ak pwofesyonèl swen sante ou, rele 311 oswa vizite resous anliy sa yo pou plis enfòmasyon:

- Lawoujòl: nyc.gov/health epi chèche pou “measles” (lawoujòl)
- Lawoujòl (Immunization Action Coalition [Kowalisyon Aksyon Vaksinasyon]): vaccineinformation.org/measles
- Apèsi sou Lawoujòl (Centers for Disease Control [Sant pou Kontwòl Maladi yo]): cdc.gov/measles